

# Prensip Oryantasyon WIDA pou Devlopman Lang

Mizajou sou Prensip Oryantasyon pou Devlopman ak Aprantisaj Lang lan montre dimansyon global ak omniprezans filozofi 'Can Do' WIDA a.



1. Lang ak kilti aprenan ki pale plizyè lang yo se resous ki enpòtan pou eksplwate nan enwiwònman lekòl ak nan sal klas yo; aktif sa yo ansanm ak bon metòd ede aprenan ki pale plizyè lang yo vin endepandan epi ankouraje kapasite yo genyen pou yo aji nan pwosesis aprantisaj la (Little, Dam, & Legenhausen, 2017; Moll, Amanti, Neff, & González, 1992; Nieto & Bode, 2018; Perley, 2011).
2. Lè aprenan ki pale plizyè lang yo metrize plizyè lang, sa amelyore konesans ak baz kiltirèl yo, kapasite entèlektyèl yo epi rann yo fleksib nan itilizasyon lang lan. (Arellano, Liu, Stoker, & Slama, 2018; Escamilla, Hopewell, Butvilofsky, Sparrow, Soltero-González, Ruiz-Figueroa, & Escamilla, 2013; Genesee, n.d.; Potowski, 2007).
3. Aprantisaj ak metriz lang lan pou aprenan ki pale plizyè lang yo fèt ti pa ti pa atravè patisipasyon nan aktivite ki gen valè, lakay aprenan yo, nan lekòl yo ak nan kominote yo (Engeström, 2009; Larsen-Freeman, 2018; van Lier, 2008; Wen, 2008).
4. Devlopman linguistik, sosyo-emosyonèl ak kognitif aprenan ki pale plizyè lang yo se yon bann pwosesis ki makonnen ansanm pou kontribye nan siksè nan lekòl yo ak nan lòt sa yo ap antreprann (Aldana & Mayer, 2014; Barac & Bialystok, 2012; Gándara, 2015; Sánchez-López & Young, 2018).
5. Aprenan ki pale plizyè lang yo itilize epi metrize lang lan lè pwosesis aprantisaj la ranmase eksperyans endividyèl yo, karakteristik yo, abilitè yo ak nivo konpetans yo nan lang lan (Gibbons, 2002; Swain, Kinnear, & Steinman, 2015; TESOL International Association, 2018; Vygotsky, 1978).
6. Aprenan ki pale plizyè lang yo itilize epi metrize lang lan gras ak aktivite ki gen ladan l plizyè mòd kominikasyon tankou kominikasyon oral, ekri, vizyèl ak kominikasyon kinestezik (kinesthetic) (Choi & Yi, 2015; Jewitt, 2008; van Lier, 2006; Zwiers & Crawford, 2011).
7. Aprenan ki pale plizyè lang yo itilize epi devlope langaj yo pou yo entèprete epi jwenn aksè ak enfòmasyon, ak ide ansanm ak konsèp atravè plizyè sous tankou bagay ki gen rapò ak lavi reyèl, modèl, reprezantasyon ak tèks ki gen plizyè modalite (Ajayl, 2009; Cope & Kalantzis, 2009; Jewitt, 2009; Kervin & Derewianka, 2011).
8. Aprenan ki pale plizyè lang yo sèvi ak konsyans metakognitif yo, metalengwistik ak metakiltirèl yo pou yo byen pale lang lan (Bialystok & Barac, 2012; Casey & Ridgeway-Gillis, 2011; Gottlieb & Castro, 2017; Jung, 2013).
9. Aprenan ki pale plizyè lang yo itilize tout repètwa lengwistik yo a, tankou yo itilize plizyè lang alafwa (translanguaging), pou yo devlope epi avanse nan lang y ap aprann lan (García, Johnson, & Seltzer, 2017; Hornberger & Link, 2012; Wei, 2018).
10. Aprenan ki pale plizyè lang yo itilize epi devlope langaj yo pou entèprete ak bay divès fason yo wè bagay yo, bati relasyon epi afime idantite yo (Cummins, 2001; Esteban-Guitart & Moll, 2014; May, 2013; Nieto, 2010).

## Aprenan ki pale plizyè lang yo

fè referans ak tout timoun ak jèn ki te ekspozè oubyen ki ekspozè tout tan ak plizyè lang. Li gen ladan l etidyan yo konnen tankou etidyan k ap aprann anglè (ELL) oubyen etidyan k ap aprann de (2) lang (DLL); moun k ap aprann lang kote l soti a; ansanm ak etidyan ki pale yon varyete anglè oubyen yon lang endijèn.



**WIDA**<sup>TM</sup>

WIDA lokalize li nan Wiscosin Center for Education Research nan Inivèsite Wiscosin-Madison.

© 2019 Komite ki ap Jere Sistèm Inivèsite Wiscosin lan, nan non WIDA